

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Ieu novél nyaritakeun ngeunaan Prabu Déwa Niskala nu nolak kaputusan sawala Batulayang, ageman kumaha nu ngagemna, jeung dilaksanakeunna adeg-adeg Tri Tangtu di Bumi.
- 2) Téma dina carita *Tri Tangtu di Bumi* nya éta ngeunaan Purbatisti-Purbajati Sunda. Nu miboga sikep toléransi kana ageman séjén. Sarta ngajarkeun cara ngaheuyek dayeuh ngolah nagara ku cara adeg-adeg Tri Tangtu di Bumi. Nu nuduhkeun tilu pamingpin nu béda-béda tanggung jawabna, tapi satata. Sarta dina ngalaksanakeun hiji pancén téh ulah sok pacorok kokod jeung nu lian. Kudu saluyu jeung bagéan sarta tanggung jawab masing-masing. Nilik tina péréléna kajadian, ieu novél miboga galur carita maju. Sabab, peristiwa-peristiwa méréléna sacara témporal, henteu bulak-balik atawa nyawang ka tukang.
- 3) Dina ieu novél kacatet aya sababaraha hiji ngaran tokoh, jumlahna aya 88 tokoh. Saluyu jeung pengelompokan tokoh nu dibagi jadi tokoh utama, tokoh kadua, jeung tokoh tambahan. Dina ieu novél, nu jadi tokoh utamana nya éta Prabu Anom Jayadéwata. Prabu Anom Jayadéwata nu jadi puseur carita, Prabu Anom Jayadéwata nu ngalalakon ti mimiti mula tepi ka ahirna.
- 4) Latar tempat dina ieu novél kabagi jadi dua jenis, nya éta 1) tempat *general*, 2) tempat husus. Latar *general* dina ieu novél nya éta Nagri Galuh jeung Nagri Sunda. Sedengkeun tempat husus dina ieu novél kabagi jadi sababaraha tempat anu husus, nu lumangsungna hiji peristiwa.
- 5) Latar suasana sosial dina ieu novél nya éta ngagambarkeun kahirupan dua nagara nu tadina ngahiji, ieu dua nagara keur ngarandapan kasalahpahaman ku nolakna Prabu Déwa Niskala kana putusan sawala Batulayang. Salian ti

masalah salah paham, aya ogé masalah kainggis Prabu Anom Jayadéwata ka Nagri Demak. Inggis Nagri Demak ngadéséh Nagri Galuh jeung Sunda, lantaran Nagri Demak keur ngémbar-ngémbarkeun tangtungan nagara Islam. Geus kabuktian kajayaan Demak ku tumpurna Nagri Majapait.

- 6) Latar waktu kajadian dina ieu novél aya sababaraha hiji, diantaranya: rebun-rebun, isuk-isuk, isuk-isuk sanggeus mumuluk, wanci haneut moyan, panonpoé keur meumeujeuhna manceran, wanci manjing sandyakala, pasosoré, peuting, jeung tengah peuting. Sarta keur nuduhkeun lilana waktu diantaranya: sapanyeupahan, sapoé, dua poé, tilu poé, dalapan poé, saminggu, sataun, dua taun, sapuluh taun.
- 7) Dina ieu novél, Yoséph Iskandar salaku pangarang dina nyieun ieu carita, maké titik acuan caritaan jalma katilu (*third-person narrative*). Dina ieu novél, pangarang ngagunakeun sudut pandang nu *impersonal*, hartina, manéhna aya di luar carita. Manéhna sarwa nempo, sarwa ngadéngé, sarwa nyaho (*author omniscient*). Manéhna bisa nempo tepi ka jero pikiran palaku, sarta bisa nyaritakeun rusiah batintah nu pangjerona tina palaku.
- 8) Dina ieu novél, gaya basa nu kapanggih nya éta gaya basa umum jeung gaya basa has. Gaya basa umum nu dipaké nya éta gaya basa nu geus ilahar dipaké ku pangarang lian. Gaya basa umum nu kapanggih utamana gaya basa kiasan, saperti: ngumpamakeun atawa babandingan (*simile*), lalandian (*metafora*), mindoan (*refleksi*), jeung mijalma (*personifikasi*). Gaya basa has nu kapanggih dina ieu novél nya éta paribasa jeung basa Sunda buhun.
- 9) Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca kelas XI saluyu jeung SKKD pangajaran basa Sunda.

5.2 Saran

Aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu hasil panalungtikan dina pangajaran maca, hususna maca novél.

- 1) Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké saluyu jeung *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)* nu geus disadiakeun dina bab IV.
- 2) Dina pangajaran maca novél, diusahakeun guru kudu geus ngawasa sarta ngaanalisis bahan ajar nu mangrupa téks novél. Tong tepi ka samar polah nalika nyindekkeun pagawéan murid.
- 3) Kudu diayakeun heula panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan bahan ajar nu rék ditepikeun ka siswa, hususna dina pangajaran maca novél. Bisi eusi atawa ajén nu aya dina éta novél teu saluyu jeung psikologis sarta émosional siswana.
- 4) Ka para pangarang, dipiharep leuwih euyeub nu nulis carita atawa carpon sajarah. Sabab ngaliwatan novél sajarah, salian ngabudayakeun maca, ogé ngawanohkeun ngeunaan kasajarah. Boh sajarah Sunda boh sajarah Indonésia.